

**Politik Komisyon Lekòl Providence lan  
Machaswiv Estratejik: Otonomi Nan Lekòl la  
Amande epi apwouve pa Komisyon Lekòl la**  
**11-24-14**

**Objektif:**

Pou prezante machaswiv estratejik Komisyon Lekòl Providence lan pou ankouraje amelyorasyon nan akonplisman elèv la ki mache ak Deklarasyon Kwayans Fondamantal ak Angajman Komisyon Lekòl Providence lan.

Entansyon fondamantal politik sou machaswiv estratejik Komisyon Lekòl Providence lan se pou pèmèt tout aksè yo nan nivo batiman an (administratè, pwofesè yo, elèv, paran ak patnè kominotè yo) pou plis resevwa kominote lekòl yo a atravè priz desizyon ki otonòm, priz desizyon pataje.

**Kontèks ak Pwoblèm:**

Providence dwe kreye yondistri lekòl ki vrèman pèfòman ki edike tout elèv yo nan nòm ki elve epi ki elimine eka nan akonplisman an. Komisyon Lekòl Providence lan kwè ke objektif sa a ka plis akonpli yon fason efikas pandan y ap bay plis pouvwa ak administratè ak pwofesè yo nan lekòl la ki dirèkteman travay avèk elèv nou yo ak fanmi yo. Anplis Komisyon Lekòl Providence lan atann pou pwofesyonèl nan lekòl nou yo travay nan yon lespri kolaborasyon jesyon travay pou asire ke yo pran desizyon ki santre sou elèv la ki sèvi enterè pou amelyore akonplisman elèv la. An retou pou pi gran otorize priz desizyon, Komisyon Lekòl Providence lan ak Depatman Lekòl Providence la pral rann pwofesyonèl lekòl yo responsab pou reyalize rezulta ki genyen sans ak rezulta dirab pou ogmante akonplisman elèv la ak pou devlope kilti lekòl ki pozitif.

Anpil travay deja reyalize nan domèn pou devlope yon pwogram etid ki adapte epi bay materyèl ansèyman ki apwopriye ak sipò nan men Depatman Lekòl Providence la pou lekòl nou yo. Sepandan, Komisyon Lekòl Providence lan kwè ke fondasyon sa a ka konstwi sou sa pandan y ap bay direktè yo ak ekip lidèchip lekòl la otorite pou itilize diskresyon pwofesyonèl yo ak ekspètiz yo ak pou pèmèt yo vin prensipal moun ki pote amelyorasyon dirab nan ansèyman ak nan aprantisaj nan batiman yo a.

**Priz Desizyon ki Baze nan Lekòl ak Otonomi:**

Ekip lidèchip lekòl la, ki genyen administratè ak pwofesè yo, yo pi byen pozisyone epi ekipe pou konprann bezwen patikilye nan aprantisaj ak bezwen sosyo-emosyonèl elèv yo. Pakonsekan, lekòl yo pral resevwa otan fleksiblite posib pou travay ak reyalize konsepsyon pwogram akademik, estrateji ansèyman ak aprantisaj, sèvis sipò, ak metòd operasyonèl nan nòm ki etabli pa R.I a. Depatman Edikasyon, Komisyon Lekòl Providence lan, ak Depatman Lekòl Providence la epi pral baze sou konesans rechèch, pi bon pratik ak rezulta kontwòl pèfòmans ki solid.

Ekip sit lekòl yo pral resevwa otan fleksiblite posib pou jere bidjè; pwokirasyon; devlopman pwofesyonèl, konfigirasyon espas travay; kalandriye. zafè elèv; aktivite paraskolè, sèvis akonpayman; ak relasyon paran ak kominote. Epitou lekòl yo kapab adapte ak/oswa chanje pwogram etid distri a ak apwòch ansèyman yo, avèk akò nan distri lekòl la, sou baz prèv bezwen elèv la, pi bon pratik pou abòde bezwen sa yo, ak yon plan ki prezante pou kontwòl ki efikas sou nouvo apwòch la.

### **Wòl Distri Lekòl Providence yo:**

Ofiramezi y ap fè tranzisyon nan yon pi gran otonomi nan lekòl la, wòl biwo santral distri a pral chanje de yon pratik inifòm ki obligatwa, sèvis, ak apwòch nan tout lekòl yo jiska youn nan:

- Ranfòse kapasite ki nesesè pou prepare chak sit lekòl pou fleksiblite ak otonomi.
- Bay resous nan yon fason ki ekitab ki baze sou kantite elèv ak bezwen yo.
- Bay sèvis ki diferan de lekòl yo selon demann nan lòt sit lekòl yo.
- Devlope ak akonpli responsabilite ak sistèm kontwòl pèfòmans ki asire apwòch diferan pami lekòl yo ki mennen rezulta aprantisaj wot kalite ak rezulta aprantisaj komen pou tout elèv yo.
- Fè deklarasyon sou rezulta yo, lesion yo aprann, ak lòt ajisteman bay Komisyón Lekòl Providence lan ak tout piblik la.
- Planifye yon fason volontè epi fasilité aprantisaj ant sit yo pou sipòte inovasyon ak amelyorasyon kontini pandan y ap pataje pi bon pratik ak lesion yo te aprann.

### **Politik ak Pratik:**

Komisyón Lekòl Providence lan rekonèt ke lè yo bay otonomi ki baze nan lekòl, sa pral mande pou fè chanjman nan politik Komisyón Lekòl Providence lan; pou fè chanjman nan pratik administratif ak nan estrikti Depatman Lekòl Providence la; chanjman nan dispozisyon tout akò negosiyasyon kolektif; pou retravay fòmasyon lidèchip pou administratè yo nan nivo batiman an; ak yon redistribisyon resous yo nan Distri Lekòl Biblik Providence lan pou kapab redirije nan sit lekòl yo epi lwen administrasyon distri santral la. Mizannèv ki efikas nan fleksiblite lekòl la ak otonomi pral mande pi gran analiz nan aktyèl preparasyon nan nivo batiman an tou ak kapasite pou pwofite de otonomi sa a.

### **Politik Komisyón Lekòl Providence lan:**

Sepandan, se politik Komisyón Lekòl Providence lan, nan mezi sa posib epi nan kontèks vizyon Komisyón an, ke desizyon enpòtan konsènan konsepsyon pwogram akademik la, pratik pedagojik, dosye manm pèsonèl yo, operasyon batiman yo, ak itilizasyon resous ta dwe pran pa pwofesyonèl edikatif ki plis pwòch yo, ak pou konprann elèv nou yo.

Direktè a, antanke lidè nan sit la ak moun ki responsab pou operasyon jeneral lekòl la, selon machaswiv eta a ak machaswiv lokal la, pral travay an kolaborasyon avèk lidè pwofesè yo, elèv, paran, ak patnè kominotè yo nan yon pwosesis priz desizyon nan sit lekòl la. Mekanis tankou komite ki dirije pa pwofesè yo, konsèy elèv yo, konsèy paran, ak patenarya kominotè yo ta dwe

angaje pou asire ke genyen bon jan vwa aktè nan pwosesis priz desizyon nan lekòl la.

Anplis, Komisyon Lekòl Providence lan atann pou tout desizyon lekòl yo kapab sантre sou elèv la epi kapab fèt avèk objektif pou ogmante akonplisman elèv la epi amelyore kilti ak kliman lekòl la.

# # #